

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Panalungtikan ngeunaan pakasaban ngémpang sakumaha anu dipedar dina Bab IV, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Istilah ngémpang anu kapaluruh di Kampung Handiwung jumlahna aya 235 istilah, nu dipedar numutkeun harti lapangan (minangka kacindekan panalungtik) jeung harti kamus (minangka babanding).

Istilah dina pakasaban ngémpang anu kapaluruh di Kampung Handiwung téh dipasing-pasingkeun dumasar basa nu digunakeunana, widang istilah, jeung wangun kecapna. Dumasar basa nu digunakeunana, aya 111 (47,24%) istilah anu mangrupa basa lulugu sarta 98 (41,70%) istilah anu kaasup basa wewengkon. Sedengkeun pikeun jumlah basa kosta kapaluruh aya 26 (11,06%).

Disawang tina widang istilahna, kapaluruh aya 65 (27,66%) istilah anu kaasup widang pakakas; 60 (25,53%) istilah anu kaasup prosés/cara migawé; 28 (11,91%) istilah anu mangrupa istilah émpang; 41 (17,45%) istilah anu mangrupa istilah lauk/sato nu hirup di émpang; 24 (10,21%) istilah anu mangrupa istilah hama jeung panyakit lauk; 8 (3,40%) istilah anu mangrupa istilah kasab; jeung 9 (3,84%) istilah nu mangrupa istilah ukuran gedé leutikna lauk.

Sedengkeun disawang tina wangun kecapna, 235 istilah téh kabagi jadi 4 wangun istilah nya éta kahiji, istilah pakasaban ngémpang wangun asal aya 118 (50,21%) istilah, 4 (3,39%) istilah anu mangrupa istilah pakasaban ngémpang

wangun asal ékaengang, 99 (83,90%) istilah anu mangrupa istilah pakasaban ngémpang wangun asal dwiengang, jeung 15 (12,71%) istilah anu mangrupa istilah pakasaban ngémpang wangun asal triengang.

Kadua istilah pakasaban ngémpang wangun kecap rundayan aya 59 (25,11%) istilah, nu ngawengku 37 (62,71%) istilah anu mangrupa istilah pakasaban ngémpang nu maké rarangkén hareup *N-*, 5 (8,48%) istilah anu mangrupa istilah pakasaban ngémpang nu maké rarangkén tukang *-an*, 9 (15,25%) istilah anu mangrupa istilah pakasaban ngémpang nu maké rarangkén gabung *N-an*, 4 (6,79%) istilah anu mangrupa istilah pakasaban ngémpang nu maké rarangkén gabung *N--keun*, 1 (1,69%) istilah anu mangrupa istilah pakasaban ngémpang nu maké rarangkén gabung *N-ar-*, jeung 3 (5,08%) istilah anu mangrupa istilah pakasaban ngémpang nu maké rarangkén gabung *pa-* (*N-an*).

Katilu, istilah pakasaban ngempang wangun kecap rajékan aya 6 (2,55%) istilah, nu ngawengku 2 (33,33%) istilah anu mangrupa istilah pakasaban ngémpang wangun kecap rajékan sageblengna, 1 (16,66%) istilah anu mangrupa istilah pakasaban ngémpang wangun kecap rajékan sabagian, jeung 3 (50%) istilah anu mangrupa istilah pakasaban ngémpang wangun kecap rajékan binarung rarangkén.

Sarta nu kaopat, istilah pakasaban ngémpang wangun kecap kantétan aya 50 (21,28%) istilah, nu ngawengku 35 (70%) istilah anu mangrupa kecap kantétan éndoséntris, jeung 15 (30%) istilah anu mangrupa kecap kantétan éksoséntris.

Prosés/Prak-prakanana ngémpang di Kampung Handiwung ieu téh sacara gurat badagna ngawengku kagiatan tatahar (*nyieun galeng*, *ngaléktor*, *ngaléléran*,

*ngagemuk, jeung nguyah); ngurus émpang (ngagentor, melakan, mancing, ngarényam, ngawur, jeung marah); jeung ngabedahkeun (ngajaring, nyortir, nimbang, bérés, ngepak, jeung iang).*

Unsur budaya anu nyampak dina kagiatan ngémpang, utamana patali jeung sistem basa (ayana istilah jeung pakeman basa); sistem téhnologi jeung pakakas hirup (ayana rupa-rupa pakakas husus dina kagiatan ngémpang); sistem pakasaban (*pribadi, siba, gadéan*); jeung sistem réligi (ayana mantra-mantra jeung kapercayaan).

## 5.2 Saran

Minangka bagian ahir tina ieu pedaran, dipidangkeun saran-saran saperti di handap.

1. Ieu panalungtikan ngan ngungkab pasualan-pasualan sacara gurat badagna wungkul, sarta wengkuan tempat/objék panalungtikan anu kacida heureutna. Ku kituna, perlu ayana panalungtikan séjénna anu bisa nyawanig naon rupa hal ngeunaan pakasaban ngémpang ieu, tina puseur séjén anu leuwih jero tur gembleng sarta dina wengkuan objék panalungtikan anu leuwih lega.
2. Tina hasil ngabandingkeun antara harti istilah pakasaban ngémpang anu aya di lapangan jeung harti nu aya di kamus (KUBS pedalan LBSS taun 1995, Kamus Lengkap beunang Rahayu Tamsyah taun 1998, jeung KBS beunang Satjadibarata taun 2005), katitén yén aya istilah-istilah anu mangrupa kabeungharan kecap basa Sunda anu aya/kapaluruh di lapangan tapi teu aya di kamus, atawa pasaliana harti nu kapanggih di lapangan jeung harti dina kamus.

Ku sabab kitu taya salahna éta istilah-istilah anu teu aya di kamus atawa hartina beda jeung harti di kamus téh dijadikeun panyarungsum kajembaran kamus basa Sunda.

3. Kaayaan géografi jeung tofografi Kabupatén Subang ngawengku dataran luhur, dataran handap, jeung daerah basisir nu kamungkinan réa béda budaya sarta basa Sunda wewengkon. Ku kituna, dipiharep ayana panalungtikan pikeun ngadokuméntasikeunana, hususna pikeun intansi pamaréntahan umumna pikeun masarakat Kabupatén Subang,

